

Kesyon Moun Poze Souvan (FAQ)

K: Kisa aksè egal ak endepandan vle di?

R: Patwon, moun ki bay lojman ak mèt biznis dwe fè akomodasyon oubyen modifikasyon nan règleman oubyen nan espas fizik lokal yo pou pèmèt moun ki gen andikap kontinye travay, viv nan kay yo oubyen gen aksè a espas piblik yo.

K: A kisa aksè egal ak endepandan sanble?

R: Men kèk egzanp:

- Yon moun ki bay lojman enstale yon ranp nan rantrè bilding lan pou rezidan ki itilize chèz woulant yo kapab rantrè ak sòti poukont yo.
- Yon kliyan vini avèk animal ki pou ba l asistans la anndan yon restoran epi li apresye bon sèvis tankou tout lòt kliyan.
- Yon patwon bay yon anplwaye ki pa wè byen yon lektè ekran pou òdinatè li pou li ka byen fè travay li.

K: Kiyès k ap peye pou akomodasyon yo?

R: Se responsabiltè patwon an, moun ki bay lojman an oswa mèt biznis la pou peye pou akomodasyon yo nan prèske tout ka.

K: Kòman pou yon patwon, yon moun ki bay lojman oubyen yon mèt biznis detèmine yon fason apwopriye pou akomode yon moun ki andikape?

R: Patwon an, moun ki bay lojman an oubyen mèt biznis la dwe dabò pale avèk moun ki mande chanjman an pou detèmine opsyon ki posib yo pou pèmèt moun ki gen andikap la kontinye travay, viv nan kay li oubyen gen aksè a espas piblik yo oswa biznis yo.

Si w santi ou viktim oubyen ou temwen yon diskriminasyon, **nou ka ede w.** Rele **311** epi mande pou **Komisyon sou Dwa Imen nan Vil New York** oubyen rele Komisyon an dirèkteman nan **(212) 416-0197.**

NYC

**Komisyon sou
Dwa Imen**

**Biwo Majistra a pou
Moun ki gen Andikap**


NYC.gov/HumanRights

NYC.gov/mopd

#EqualAccessNYC



@NYCCHR • @NYCDisabilities



**Pwoteksyon pou Andikape
Selon Lwa sou Dwa Imen
nan Vil New York**

**Aksè Egal ak Endepandan pou tout
Moun k ap viv nan New York**

NYC

**Komisyon sou
Dwa Imen**

**Biwo Majistra
a pou Moun ki
gen Andikap**

Aksè Egal ak Endepandan pou tout Moun k ap viv nan New York

Lwa sou Dwa Imen nan Vil New York entèdi diskriminasyon ki baze sou andikap yon moun epi ankouraje aksè egal ak endepandan pou tout moun ki gen andikap nan Vil New York. Jeneralman Lwa a bay plis pwoteksyon pase Lwa ki favorize Ameriken ki gen Andikap yo (ADA). Li egzije pou yo fè yon evalyasyon endividyèl pou bezwen chak moun epi li kreye yon obligasyon pou bay yon akomodasyon ki reponn a bezwen yo te idantifye yo. Li sipoze tou ke tout akomodasyon yo rezonab sof si li ka pwovoke yon "difikilte ki pa rezonab" pou patwon an, moun ki bay lojman an oubyen mèt biznis la lè yo fè sa.

Egzanp pou Ede w Idantifye Diskriminasyon

1. Barry soud epi li kominike sitou avèk Langaj Siy Ameriken (ASL). Lè li rele yon kadyològ pou l pran yon randevou, li eksplike andikap li epi mande pou yon entèprèt nan langaj siy ameriken (ASL) la nan randevou a. Resepsyonis la di l pa enkyete l paske doktè a ap kominike avèk li pa ekri. Barry ensiste sou demand li an men resepsyonis la di l pou l vini ak pwòp entèprèt pa l. Barry deside pa pran randevou a sa ki vin mete sante l an danje.
2. Kelly gen yon maladi kwonik ki nesese pou l swiv tretman medikal yon fwa pa semèn pandan jounen travay li, jan sa ekri nan dokiman ke li prezante bay sipèvizè l la. Sipèvizè l la di l ke li ka itilize sèlman konje maladi li e lè tan konje maladi sa a fini l ap pèdi travay la. Yo revoke Kelly aprè l te fin itilize tan konje maladi l la.

3. Gen kat ane desa, andikap John nan te oblije l deplase gras a yon eskoutè. Lajè pòt twalèt nan apatman l lan twò piti pou l pase avèk eskoutè a. John mande pwopriyetè kay la an plizyè fwa pou li elaji pòt twalèt la pou pèmèt li antre ladan l poukont li. Pwopriyetè kay la di John ke bilding li an pa pou moun ki gen andikap e ke li pa t ap janm lwe John apatman an si li te konnen depi okòmansman ke li te gen yon andikap.
4. Mary te ale nan yon antrevi pou l ka jwenn yon djòb epi patwon an poze l plizyè kesyon sou istorik sante mantal li. Li te gen tout kalifikasyon nesese yo, men aprè li te fin revele istorik maladi anksyete l la, patwon an pat janm rekontakte l ankò.

